

## Avi sou Pratik Lavi Prive nan

**Avi sa a dekri fason nou ka itilize epi divilge enfòmasyon medikal ou, epi fason ou ka gen aksè nan enfòmasyon sa a. Tanpri egzamine enfòmasyon an avèk anpil prekosyon.**

- Lee Health estriktire kòm yon aranjman swen medikal òganize, ki pèmèt nou pataje enfòmasyon medikal ki pwoteje pami kèk gwoup ak sèvis ki site nan avi sa a pou nou ka bay sèvis pou tretman, resevwa pèman oswa pou operasyon swen medikal. Pou bi Lwa sou Pòtabilite ak Responsablite Asirans Medikal, aranjman swen medikal òganize sa a enkli enstitisyon ki pral site la a: Cape Coral Hospital, The Children's Hospital of Southwest Florida, Gulf Coast Medical Center, HealthPark Medical Center, Lee Memorial Hospital, The Rehabilitation Hospital, Biwo Lee Physician Group yo, Lee Convenient Care, HealthPark Care and Rehabilitation Center, tout Sant Byennèt (Wellness) Lee Health yo, ak tout Sant Anbilatwa ak Depatman Anbilatwa Lee Health yo. Antite, sit ak lokalite sa yo ka pataje enfòmasyon medikal youn ak lòt pou bi tretman, pèman oswa operasyon jan sa dekri nan avi sa a.
- Lè lalwa egzije sa, Lee Health pral fè efò ki rezonab pou l limite divilgasyon enfòmasyon medikal ki pwoteje nan degre "minimòm ki nesèsè" pou reyalize bi ki te fikse pou divilgasyon an. "Minimòm ki nesèsè" se yon seri done limite ki defini nan 45 C.F.R. §164.514(e)(2) si sa pratik, oswa si sa nesèsè pou minimòm ki nesèsè a pou reyalize itilizasyon, divilgasyon oswa demann yo konte fè a.
- Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou ki pwoteje bay lòt pwofesyonèl nan Lee Health oswa lòt antite ki kouvri pou nou ka ofri w swen medikal de kalite. Lee Health ka pataje enfòmasyon medikal ou avèk lòt depatman nan òganizasyon an pou ede w koòdone swen ou bezwen, tankou preskripsyon, analiz san, manje ak radyografi oswa lòt tèst dyagnostik.
- Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou ki pwoteje bay founisè asirans ou pou Lee Health ka resevwa pèman paske l te ba w sèvis medikal ou te bezwen. Lee Health ka pataje enfòmasyon medikal ou avèk doktè w pou aktivite pèman ki gen rapò ak swen ou te resevwa.
- Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou ki pwoteje an rapò ak operasyon swen medikal nou yo. Lee Health ka pataje enfòmasyon medikal ou pou nou fè evalyasyon sou kalite sèvis nou ba w pandan w nan lopital la. Lee Health ka pataje enfòmasyon medikal ou pami ajans aleksteryè pou egzaminasyon ak sètifikasyon oswa lisans pou sèvis nou ofri yo.
- Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou ki pwoteje bay ofisyèl leta oswa lapolis ankake ta gen yon envestigasyon kote ou se yon viktim abi, viktim yon krim oswa viktim vyolans famiyal.
- Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou bay lòt founisè swen medikal ankake ou bezwen swen nan kadijans.
- Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou ki pwoteje bay yon òganizasyon sante piblik oswa òganizasyon federal ankake ta gen yon maladi kontajye oswa pou rapòte yon aparèy defektye oswa yon evènman endezirab ak yon pwodui byolojik (manje oswa medikaman).
- Nou ka itilize enfòmasyon medikal ou ki pwoteje nan repètwa etablisman nou yo; nan non, nan lokalite etablisman nou an, nan kondisyon jeneral epi/oswa afilyasyon relijye pou nou bay si yon moun ta rele preziman pou mande sa. Lee Health pral sèlman pataje afilyasyon relijye w bay manm klèje a. Lee Health pral ba w opòtinite pou anpeche nou divilge enfòmasyon w nan repètwa etablisman nou an amwenske kèk sikonstans ijan anpeche opòtinite ou genyen pou fè yon objeksyon.
- Enfòmasyon medikal ou ki pwoteje fè pati dosye medikal elektwonik Lee Health pataje. Lee Health itilize yon dosye medikal elektwonik li pataje pou l ka ede fasilite aksè nan enfòmasyon medikal ki ka nesèsè pou ba w swen. Dosye medikal elektwonik pataje a pèmèt manm ki nan aranjman swen medikal òganize Lee Health nan ansanm ak lòt founisè swen medikal ki asosye avèk yo gen aksè nan enfòmasyon medikal ou ki pwoteje sèlman pou bi ki dekri nan notis sa a. Chak patisipan nan dosye medikal elektwonik ki pataje a genyen politik ak pwosedi ki anplas ki dirije aksè ki apwopriye nan enfòmasyon medikal ki pwoteje ki nan dosye medikal elektwonik ki pataje a ann akò ak lwa leta ak lwa federal. Ou ka mande yon lis patisipan ki otorize nan dosye medikal elektwonik Lee Health pataje a lè w kontakte Ofisye Lavi Prive Enfòmasyon Malad Lee Health lan nan adrès oswa nimewo telefòn ki site anba a.
- N ap pataje enfòmasyon medikal ou ki pwoteje sèlman aprè nou fin resevwa otorizasyon alekri nan men w apade sa ki site anwo a pou tretman, pèman oswa operasyon swen medikal. Ou ka revoke pèmision w pou nou pataje enfòmasyon medikal ou ki pwoteje nenpòt lè. Ou dwe fè sa alekri epi li dwe gen dat li rantrè anvigè epi pou presi nan enfòmasyon medikal ki pwoteje a. Lee Health pa oblije dakò avèk demann ou an si yo te deja pran kèk mezi oswa si yo te deja gen otorizasyon w kòm yon kondisyon pou gen kouvèti asirans epi lalwa bay konpayi asirans lan dwa pou l konteste yon reklamasyon.
- Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou ki pwoteje bay yon pwojè rechèch Lee Health apwouve ann akò ak politik nou ak pwotokòl nou pou pwoteje lavi prive malad la. Nan pifò ka, Lee Health pral gen opòtinite pou gen otorizasyon w alekri anvan nou pataje nenpòt enfòmasyon pou bi rechèch.
- Lee Health ka kontakte w pa telefòn oswa pa lapòs (oswa li ka kite yon mesaj sou yon aparèy mesajri otomatize) pou fè w sonje randevou ou genyen, pwosedi ki pwograme, verifye enfòmasyon sou asirans/demografi oswa fè w konnen rezilta tèst ou te fè yo. Ou gen dwa pou fè demann pou yon fason ki pi konfidansyèl pou nou ba w enfòmasyon medikal ki pwoteje oswa lòt metòd komunikasyon nan lè yo konsilte w nan Lee Health. Lee Health pral onore tout demann ki rezonab.
- Lee Health ka kontakte w pa telefòn oswa pa lapòs pou ofri w chwa tretman pou swen medikal oswa lòt sèvis

medikal ki ka enterese w. Nan materyèl sou maketing li, Lee Health pral bay enfòmasyon sou fason pou retire non w pou pa kontinye resevwa lòt kominikasyon maketing.

- Lee Health ka kontakte w pou kanpay finansman pou sipòte operasyon Lee Health yo. Lee Health pral mete nan materyèl sou kanpay finansman li an fason pou retire non w pou pa kontinye resevwa kominikasyon sou kanpay finansman.

- Ou gen dwa pou mande yon restriksyon sou itilizasyon enfòmasyon medikal ou ki pwoteje. Sepandan, Lee Health ka chwazi pou l refize restriksyon w lan si li an konfli ak kapasite l pou l baw swen medikal de kalite oswa ankake ta gen yon sitiyoasyon ijan. Lee Health pral respekte tout demann pou restriksyon si l ap pataje enfòmasyon an bay yon plan asirans pou pèman oswa pou operasyon swen medikal (pa pou tretman) epi enfòmasyon medikal ki pwoteje a gen rapò sèlman ak yon atik oswa yon sèvis medikal ou te gen tan peye ak lajan pa w epi ou te peye tout montan pou atik oswa pou sèvis la.

- Ou gen dwa pou resevwa kominikasyon konfidansyèl konsènan kondisyon sante w. Lee Health ka divilge enfòmasyon medikal pou avize, ede nan notifikasyon (ikonpri idantifye oswa lokalize) yon manm fanmi, reprezantan pèsònèl ou oswa yon lòt moun ki responsab pou swen w, kote w ye oswa kondisyon sante w anjeneral oswa si w mouri. Noumenm Lee Health nou pral itilize jijman pwofesyonèl nou tou ansanm ak ekspèyans nou fè avèk pratik ki komen pou pran desizyon ki rezonab lè n ap pataje enfòmasyon medikal ou ki dirèkteman gen rapò ak enplikasyon moun sa a k ap resevwa enfòmasyon an nan swen medikal ou.

- Ou gen dwa pou egzamine epi fè kopi nenpòt/tout pòsyon nan enfòmasyon medikal ou. Lee Health gen dwa pou l chaje yon frè pou fè kopi enfòmasyon medikal la.

- Ou gen dwa pou mande pou yo fè chanjman nan enfòmasyon medikal ou. Ou dwe fè sa alekri epi ou dwe eksplike rezon ki fè enfòmasyon sa a bezwen chanje. Lee Health ka refize fè chanjman an epi si li refize, li pral bay yon eksplikasyon alekri pou fè konnen pou ki rezon.

- Ou gen dwa pou konnen kiyès ki te gen aksè nan enfòmasyon medikal ou ki pwoteje epi pou ki rezon yo te gen aksè ladan l, apade tretman, pèman, operasyon swen medikal ak lòt aktivite oswa si se oumenm ki te bay otorizasyon pou nou pataje enfòmasyon sa a. Lee Health egzije pou demann w ap fè pou konnen bay kiyès nou te pataje enfòmasyon an fèt alekri epi pou voye l bay Ofisye Lavi Prive Enfòmasyon Malad la ki site anba a.

- Ou gen dwa pou mande epi pou resevwa yon lis ki montre ak ki moun nou te pataje enfòmasyon medikal ou ki pwoteje. Ou gen dwa pou resevwa lis sa a pou sis ane ki presede dat ou te fè demann lan, men ou paka genyen lis sa a pou enfòmasyon nou te pataje anvan 14 avril 2003. Si Lee Health mentni enfòmasyon medikal ki pwoteje nan yon dosye medikal elektwonik, ou pral gen dwa pou konnen kiyès ki te resevwa enfòmasyon medikal ou atravè yon dosye medikal elektwonik pou tretman, pèman ak operasyon swen medikal pandan yon peryòd twazan anvan dat ou te fè demann lan. Lee Health pral ba w date li te pataje enfòmasyon an, non moun oswa antite ki te resevwa enfòmasyon medikal ou ki pwoteje, yon deskripsyon enfòmasyon medikal ou ki pwoteje yo te pataje a, rezon ki fè yo te pataje enfòmasyon sa a, ak kèk lòt enfòmasyon. Si w ta mande lis sa a plis pase yon fwa pandan yon peryòd 12-mwa, Lee Health ka chaje w yon frè ki rezonab pou

preparasyon lis la.

- Ou gen dwa pou yo avèti w konsènan yon brèch non-sekirize nan enfòmasyon medikal ou ki pwoteje. Si Lee Health oswa youn nan patnè l yo ta dekouvri yon brèch non-sekirize nan enfòmasyon medikal ou ki pwoteje, epi Lee Health oswa patnè l la te swa gen aksè, te genyen oswa te pataje oswa yo kwè yo te gen aksè, te genyen oswa te pataje enfòmasyon medikal ki pwoteje a, Lee Health pral avèti w de brèch la san l pa fè dilatwa epi jan lalwa egzije sa.

- Ou gen dwa pou posede yon kopi Deklarasyon Avi sou Lavi Prive sa a sou demann. Ou ka jwenn kopi sa a sou fòm elektwonik oswa sou papye.

- Lalwa egzije Lee Health pou l pwoteje lavi prive malad li yo. Li pral kontinye pwoteje enfòmasyon medikal tout malad yo epi li pral bay malad yo yon lis responsablite li genyen ki la pou pwoteje enfòmasyon medikal sou demann alekri.

- Lee Health pral respekte kondisyon avi sa a, ki anvigè kounye a. Lee Health rezève dwa li pou l fè chanjman nan avi sa a epi pou l mete sou pye nouvo dispozisyon pou tout enfòmasyon medikal ki pwoteje li mentni nan dosye l. Chanjman nan avi sa a pral poste sou sit entènèt Lee Health nan, [www.leehealth.org](http://www.leehealth.org), epi yo ka redistribiye l nan pwochen vizit ou fè nan Lee Health.

- Ou gen dwa pou pote plent bay Lee Health si w kwè yo te vyole dwa sou lavi prive w. Si w santi yo te vyole dwa sou lavi prive w, tanpri poste plent ou fè alekri a nan:

Lee Health  
ATTN: Patient Information Privacy Officer  
Lee Health  
Compliance Department  
16261 Bass Road., Suite 202  
Ft. Myers, FL 33908

- Nou pral fè investigasyon sou tout plent. Nou pa pral sòlve ankenn pwoblèm pèsònèl avèk ou paske ou te pote plent nan Lee Health.

- Epitou ou ka voye yon plent alekri nan:

Region IV, Office of Civil Rights  
U.S. Dept. of Health and Human Services  
Atlanta Federal Center, Suite 3B70  
61 Forsyth Street, S.W.  
Atlanta, GA 30303-8909

- Si w ta renmen gen plis enfòmasyon konsènan Avi sou Lavi Prive sa a, tanpri kontakte Ofisye Lavi Prive nou an nan:

Lee Health  
Compliance Department  
16261 Bass Road., Suite 202  
Ft. Myers, FL 33908  
239-343-6427

Or email [PrivacyOfficer@LeeHealth.org](mailto:PrivacyOfficer@LeeHealth.org)